Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 40 (7336)
27 сентябрь 2018 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъаби

## КIвар бугел суалалгун



Араб анкьалда бетIер ГI. НурмухIамадовас данде ахIун рукIана росабазул бутIрул. Гьенир гIахьаллъана районалъул ва росабазул администрациябазул жавабиял хIалтIухъаби.

Данделъиялъул къойил темаялде росун рукIана гIемерал кIвар бугел суалал. Гьезул бищунго аслияб букIана ракьал тIад хъвай, клубазул модернизация гьабиялъе документациял хIадури, футболалъул полеял гьари Федералияб целевияб программаялде гьоркьобе гьел рачиналъе документация хIадури ва цогидалги хIалтIуль захIмалъаби лъугIизариялъе квербакъулел суалал.

Данделъи рагьана ГI. НурмухIамадовас. Гьес гьаб нухалдаги аслияб къагIидаялъ кIвар кьуна ракьазул актуализация гьабиялъул суалазде, бихьизабуна гьеб гIуцIадго ин росабазул бутIрузда бараб бугилан. «Нужеда бичIч1изе ва росабазул гIадамазда бичIчIизабизе ккола гьеб суалалъул кIвар. Щивасул буго жидерго буголъи, амма гьелъул гьечIо кинаб букIаниги хъвай-хъвагIай, гьечIо зеленкаби. Кинабго гьабизе ккола законалда рекъон»,-ян бихьизабуна гьес.

Гьеб гуребги бетIерас тIадчIей гьабуна росабазул бутIруз жидедаго тIадал ишазде тIаса-масагояб балагьи гьабулеб бугин, ишал тIуразари гIодобе ккун бугин. ТIадаб информация райадминистрациялде жиндир заманалда кьолеб гьечIин, гIодобе биччан ине толеб бугин хIалтIи. «ХIалтIе халкъалъул мурадал тIураялъе, ракI бацIадго ва жавабчилъиялда»,-ян лъазабуна гьес.

Хадув кIалъазе вахьана районалъул экономикаялъул жавабияв М. ГIадуев. Гьес аслияб кIвар кьуна ракьазул актуализация гьабиялъул бугеб хIалалде. Жакъа къоялде районалда законнияб хъвай-хъвагIай гьабун буго 652 ракьул участкаялъул. «ГьабсагIаталда ракьал хъваялъул план тIубан буго гIицIго 32,8 %»,-ян бихьизабуна гьес.

Совещаниялда кIалъазе яхьана финансовияб отделалъул специалист ГI. МухIамадова. Информационнияб хIалтIуда тIадчIей гьабуна М-Н. ХIайбулаевас. Гьес абуна: «Щибаб росулъ гIуцIун руго сайтал, рихьизарун руго гьелъул жавабиял, амма гьез букIине кколедухъ рачунел гьечIо гьел, гьарулел гьечIо социалиял гьурмал»,-абун.

Конструктивияб гара-чIвари гIадин араб данделъиялда рорхана гIемерал кIвар бугел суалал. БетIерас гьезие чIванкъотIарал жавабал кьуна.

РацIалъи-сахлъиялъул аслу

## ГIурул ва хIорил рагIалазе - рацIцIалъи



I5 сентябралда Унсоколо районалда тIобитIана Авар ва ГIанди гIоразул рагIаллъаби рацIцIад гьариялъе гIорул рагIаллъабаздасан субботник. Иргадулаб субботник тIобитIана «Чистые берега» абураб Толгороссиялъул акциялъул рамкаялда жаниб.

Аслияб къагIидаялда субботникалде рахьана «Унсоколо район» МОялъул, коммуналияб магIишаталъул, росабазул администрациябазул хIалтIухъаби. Кинавниги гьенив гIахьаллъана нусгоялде гIагарун чи. БакIарана 400 ялдаса цIикIкIун мешок гIала-гъважаялъул.

Гьединал тадбирал гIемер тIоритIула нилъер районалда. Гьениб кIудияб кIвар кьола сверухълъи, тIабигIат, гIорул рагIаллъаби бацIцIадго чIезариялде. «Унсоколо район» МОялъул ЖКХялъул бетIерав специалист ХIажимурад ГIабдурахIманов субботник унаго гьаригун цеве вахьана хIалхьи гьабулезда сверухълъиялда рацIцIа-ракъалъи чIезабиялъе квербакъи гьабе,-ян.

ГIурул рагIаллъаби рацIцIад гьаруна гъурараб цIералдаса, пластикаялдаса, цогидалги рукIа-рахьиналъул хутIелаздаса. Гьеб гьанже буго гIицIго бацIцIадаб гуребги хIинкъи гьечIеблъунги.

ТIобитIараб акция ахIараб буго гIицIго рагIаллъаби рацIцIад гьариялде гуреб, щивав чиясул гьеб бацIцIадго цIуниялде пикру буссинабиялде, бацIцIадаб тIабигIат, чороклъи гьорлъ гьечIеб лъим нилъее букIинабиялде. Лъел акватория бугелъулха нилъер ВатIаналъул аслияб бечелъи.

Ругъун гьари

## «Рагъулаб ахIвал-хIал»



25 сентябралда Унсоколо районалъул бетIерасул кабинеталъуб букIана райадминистрациялъул нухмалъиялъул состав гIахьал-лъараб хIинкъи букIиналъул ахIи бани мобилизованнияб цIалулаб тадбиралда хурхун данделъи. ГIиса МухIамадовичас киназдаго лъазабуна районалъул территориялда мобилизованнияб цIали унеб бу-кIиналдалъун рагъулаб ахIвал-хIал лъазабун бугин 25-26 сентябралда,-абун.

Лъазаби

## План тIубазабиялъе

Унсоколо районалда план гьабун буго муниципалияб районалъул ва росабазул администрациязда коррупциялде данде кьеркьеялъул мурадалда 20I8-2020 соназе.

Бихьизабураб планалда рекъон тадбирал тIуразариялде рахьинарун руго районалъул администрациялъул структуриял подразделениял, гьел гIумроялде рахьинариялъе заманги бихьизабун буго.

План тIубазабиялъе рекомендациял ва предложениял ритIе,-ян гьарула МРалъул администрациялде гьаб адресалда:

**Унсоколо район, пос. Шамиль-хъала, М. Дахадаевасул къватI, 3**

## Халкъияб информациялъул хIакъалъулъ

Халкъияб Собраниялъул сессиялда РДялъул БетIер В. Васильевас лъи кIаб къимат кьуна республикаялъул СМИялъул хIалтIуе. Гьес абуна: «Кутакалда хIаракатаб, жигараб, магIна бугеб халкъияб информация буго ва лъайгун махщел бугел гIадамал хIалтIулел руго. Жидерго позиция цебе лъолеб буго. Дида ракIалде ккола гьезда гIадамазул реакция рагIулеб бугин».

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 40 (7336)*

*27 сентябрь 2018 сон*



**РДялда диалог хIисабалда гьоркьор лъуна республикаялъул г1адамазул сахлъи цIуниялъул суалал. Гьелде кIвар кьезе кколин бихьизабуна В. Васильевас.**

**Ж. ХIажиибрагьимовас тIадчIей гьабуна республикаялда 50% льготникал ругин. Гьезие чIорогоял дараби чIезаризе кколин. ГIицIго 11 % гурони цебе гьеб кьун гьечIо. ТIуранго дарабаздалъун хьезаризе кIвана диабеталъ унтарал лъимал- 40%, рахьдал желебазда рак бугел, басралъарал почкабазул, ревматоиднияб артрит ва цогидалги бугел гIадамал.**

Власть ва гIадамал

# Аслияб масъала - гIадамазе лъикIлъи

ГIадамаздехун власть рагьараб бугебгIан хайираб букIуна администрациязул хIалтIи гьеб территориялда. Гьелъул магIна ккола кIиязулго цоцаде бухьен ва хIалтIул хIасил кьей букIин.

Бухьеналъул аслиял рахъал ккола муниципалитетас, гьесул замаз гIадамал тIаде къабул гьари, рагьараб телефон букIин, хъварал ва кIалзулал гIарзабазухъ балагьи, дандчIваял гIуцIи.

Нилъер районалда киналго росабалъ районалъул бетIерас жамагIатазулгун дандчIваял гIуцIи гIадатлъун лъугьун буго. БакIалъулаб власталъе гьеб гIаммаб жамгIияб гьира-цIа рекъезабулеб барометр гIадинаб жо ккола. Гьединал сходазда гIадамазе гьабураб хIалтIул хIисаб кьола, гьезул тIадкъаял ва рихьизариял хIисабалде росула. Гьедин щибаб моцIалъ районалъул росабалъа гIемерал гIадамал тIаде къабул гьарула живго районалъул бетIерас. Щибаб ахирисеб арбагI къоялъ букIуна райадминистрациялда гIадамал тIаде къабул гьари.

ГIемерисел хъван ва кIалалъ абун гIарзал рукIуна гIадамазул жанир чIолел бакIазул, социалияб цIуниялъул, лъел, хIалтIуда лъеялъул суалаздасан ва гь. ц.

Гьел суалал гIумроялде рахъинариялъе кIвахI гьечIеб хIалтIи гьабулебги буго бетIер ГI. НурмухIамадовас.

## *Дуе лъикIабщинаб гьарула!*

**ТIадехун рехсаралъе жаваб кьолеб гьадинаб кагъат бачIана ГIашилтIа росулъан.**

**ХIурматияв ГIиса МухIамадович!**

«РакI-ракIалъулаб баркала кьола ва Дурги коллективалъулги гIаданлъиялъе мукIурлъи загьир гьабула нижер яс училищеялда цIализе лъеялъе гьабураб кумекалъухъ. РакI-ракIалъ гьарула, Дуе, баркалаги кириги, кидагосеб дугIаги, гIумроялъул талихIги, тари гьечIеб сахлъиги, абадияб рохелги, халкъ бижарасул цIобги! ГIарас майданалда рагIад Дуе щвайги, Бичасул цIоб рештIун ахираталда, Аллагь вокьулелгун цадахъ вахъаги, хъизан-лъималаздаса вохун хутIаги!».

**СалихIат ва МухIамад**
**ГIашилтIа росулъа I группаялъул инвалидал**

«Защита» операция

# Пайдаяб тадбир




Араб анкьалда Генуб поселокалъул школалда «Защита» ведомствабазда гьоркьосеб комплексниябгун оперативияб, гьединго профилактикиябгун сейсмическияб хIинкъи гьечIолъиялъул моцI,-абураб рамкаялда жаниб тадбир тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, АТКялъул аппараталъул специалист ГI. ГIусманова, Россиялъул ОМВДялъул ПДНалъул Унсоколо районалда вугев инспектор Ш. ГIумаров, Россиялъул Унсоколо районалда вугев ОМВДялъул УПялъул участкаялъулав Д. Нуричуев, Россиялъул МЧСалъул РДялда бугеб ОНДялъул ва ПРалъул I3 ГУялъул инспектор М. ХIусейнов ва Унсоколо районалъул ГО, ЧС ва ПБ МОялъул отделалъул нач. М. ГIабдулаев.

Тадбир ана гIуцIадго. ТIадехун рехсараз гара-чIвариял гьаруна ракь багъари ккани ва цогидабги хIинкъи бугони,щакаб жо терроризмалда хурхун бихьани, гьаризе кколел жаразда хурхун. Школалда хал гьабуна лъималазул рачIиналъул, тренировка гьабуна хIинкъи бугел бакIаздаса гIадамал нахъе рачиналда хурхун. МикагIил ХIусейновас практикияб занятие гьабуна цIа свинабиялъе гьеб свинабулеб алат хIалтIизабизе кколеб куцги бихьизабун.

Ахиралда бакIалдаго ратарал цо-цо гIунгутIаби лъугIизаруна, нухмалъиялъе малъа-хъваял гьаруна.

# *Отчетал кьеялъулъ - хиса-басиял*

## *Предпринимателазе - кIвар бугеб суал*

ТIолгороссиялдаго гIадин нилъер районал даги гIемерал руго предпринимательскиял ишал жидер ругел гIадамал. Дие гьаниб кIвар буссинабизе бокьун буго хасго росдал магIишаталъул рахъ бугездехун, ай ИП, ИП КФХ базаялде, ООО, СПК бугезде. Гьезул къадар бахуна I00-II0 фермерасде. Гьезда гьоркьосан цIикIкIунисел фермераз отчетал кьола районалъул статотделалде. Цере соназ гьез лъагIалида жаниб цо нухалъ гурони отчетал кьолел рукIинчIо, кьезеги ккolaроан. Гьанже гьелъул къагIида хисулеб буго гьаб соналъул I октябралдаса байбихьун. Форма отчетаги цебе «ф 3-фермер» букIараб батани, гьанже «форма П-I» (сх) (месячное) буго. Гьединаб форма тIалаб гьабулеб буго нилъедаса гьанжеялдаса нахъе хIукуматалъ.

Гьаб формаялъ жанире рачуна гIемерал баянал; хIалтIиги дагьлъула фермеразе, цIезе гьабизеги бигьаяб буго.

Гьебги хIисабалде босун дие гьанибго рехсезе бокьун буго фермерал росаби ккун рикьун, гьел кьезе кколесул щивасул предприятиязул цIарал. Нилъерго районалъул газеталдасан гьелъул кIвар букIин бичIчIизе, гьелдаго цадахъ гьаб газета цIалун киназдаго хехго лъалин ва тIадеги кумек щвелин ккун буго росдал магIишаталъул ва районалъул отделалъул рахъалдасан, жиб-жиб росдал гIуцIиялъул нухмалъулел бутIрузул кумек щвелин гьезда, ай фермеразда гьеб лъазе гьабизе, жиндир заманалда - 20I8 соналъул I октябралде бихьизе гьабураб къагIидаялъ отчеталги ритIилин районалъул статотделалде,-абун. Гьедин кьурал отчетал ва гьенир ругел баянал гурони 9 моцIрол хIасилазде гьоркьоре ккезе гьечIо: ай чIахIиял, гIисинал боцIул къадар, гIезабураб, бичараб гьан, рахь, квас, гьенир хIалтIулезул къадар, гьезие щолеб мухь, хур-ахалда хурхарал баянал. Гьеб буго нилъер районалъул буголъи, отчетал кьечIого тани, киса гьел росилел ва къимат районалъе кьолеб къагIида кин батилеб? БатIияб нух гьечIо статотчетал кьей гурони.

Гьанибго тIадчIей гьабизе бокьун буго ва цебеккунго лъазабулеб буго законалда рекъон ст. I3. I9. РФ кодексалда ругел хиса-басиязда. Гьениб бихьизабулеб буго отчет кьечIезе, гьеб мекъи кьуразе бугеб тамихI ва штрафазул къадар. Гьелъул минималияб къадар буго I8 азаргоялдаса 70 азарго гъурущалде щвезегIан штраф, ай отчетазул кIваралда бараб буго гьеб. Дида ккола гьеб кIвар бугеб масъала бугилан, тIокIалъ цIикIкIараб производство районалда



гьечIелъул.

Баян гьабизин лъица гьел кьезе кколелали.

-Территориалиял росаби; ИштIибури, Колоб, ИнкIкIвалитIа – СПКял ва ООО «Рубин», «Ислам», «Теречный», «Атни», «Гунзари», «Мактаб», МУП «Иштибури».

-Территория р. ЦIатIанихъ – СПКял «Эхо», «Энгельса», «Яблоко», ООО «Буран», «Айран», «Зерно», «Терек», «Цатаних».

-Территория р. Ашильта – СПК «Вершина», МУП с/з. «Ашильтинский».

-Территория р. Кахабросо – СПК «Мурад», МУП «Махмуда».

-Территория р. Гимры ОООял – «Беркут», «Бузна», «Причал», «Нур», «Алькор», «Имамат», СПК – «Машку», МУП «Шамиль».

-Территория р. Рихьуни СПК – «Габах»

-Территория р. ГьаракIуни ООО «Салам», ООО «Ватан», СПК «Баракат», МУП с/з. «Араканский».

-Территория р. Балахьуни, МокIсохъ СПК «Цидухъ», СПК «Балаханы», ОООял – «Кедеро», «Койсубули», «Гинити», «Прайд», «Дар».

-Территория р. Майданское – СПКял – «Амулаги», «Аишух», СППК «Зирани», СПОК «Фермер-05», ООО «Нурис», ГУП «Зирани».

-Территория р Унсоколо – СПКял – «Баракат»,



«Сивухъ», «Сокол», «Ругутль», «Микатль-I», «Белая скала», «Лотос», «Тагир и синовья», «Имам Шамиль», «Кушмата», ОООял – «Усах», «Дакиб», «Микатль», «Чинар».

Гьал тIадехун рехсарал предпринимателаз жалго рачIун яги бухгалтерал ритIун гъулбасалги гьарун, печаталги чIван отчетал кьезе ккола 20I8 соналъул I октябралде.

ГIемерал данде чIвалел хIужаби ккола «Дица къана предприятие»,-абураб. Гьедин батани, босе справка налоговияб инспекциялдасан, кье нижехъе. «Дица киналго ричана, лъугIизе гьаруна»,-ян чIола цо-цоял. Кье отчет бичараб къадаралъул, ай нулевыяб отчет. ТIокIаб батIияб нух отчет кьечIого теялъе законалда жаниб дида бихьулеб гьечIо.

Дида ракIалде ккола киназулго кумек щвелин гьеб суал цойгидал районазде дандеккун кколеб даражаялда иналъе ва фермерал санагIалъи гьечIел, квешаб статьялда гьоркье ккеларин, дидеги нужедеги гIайиб щвеларин.

Жакъасел тIалабаз нилъедаса тIалаб гьарулел ругел харбидалъун лъугIизехъин гьечIо, гьединал харбал рукъулел бакIалги гьечIо, цересел бигьалъаби хIалтIулъ риччалел гьечIо. КъучIаб, мухIканаб, гъоркь гъулбас бугел гурони баянал кьучIое росизе гьечIо.

Фермеразул отчетаздехун бугеб кIвар гьечIолъи, гьезул гурониги буго, бюджетниял организациял, учреждениязул отчет кьолеб къагIидаялъул гIадлу гьечIолъи фермераздаса, ай предпринимателаздасаги квешаб буго. Гьеб темаялдаги материал кьезе ракIалда буго.

**С. САГIАБДУЛАЕВ.**
**Унсоколо районалъул статистикаялъул отдел.**

**Ахихъан**
Районалъул газета
№40 (7336)
Хамиз
27 сентябрь 2018 сон

3 гьумер

Садовод

Страница в номере




# Имущественные налоги



Уважаемые налогоплательщики, Межрайонная ИФНС России №10 по Республике Дагестан обращает Ваше внимание, что 1 декабря 2018 года наступают сроки уплаты гражданами физическими лицами налога на имущество физических лиц транспортного и земельного налогов за 2017 год. Заплатить имущественные налоги (налог на имущество физ. лиц, земельный и транспортный налог) необходимо не позднее 1 декабря 2018 . Уведомления будут направлены налогоплательщикам до середины октября, т.е. не позднее 30 рабочих дней до наступления срока платежа.

Обращаем ваше внимание, что перечень льготных категорий налогоплательщиков остался прежним. При этом льготы будут предоставляться в отношении одного объекта недвижимого имущества каждого вида, который должен быть выбран самим налогоплательщиком. В случае отсутствия заявления о выборе объекта, подлежащего льготированию, налоговый орган выберет его самостоятельно по большей сумме исчисленного налога. Напоминаем, что в случае неуплаты налогов в установленный срок должникам начисляются пени и применяются меры принудительного взыскания. Информацию о задолженности так же можно узнать, подключившись к интернет – сервису «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц», расположенного на сайте ФНС России (www.nalog.ru) или через Единый портал государственных услуг (www.gosuslugi.ru).) или через Единый портал государственных услуг (www.gosu) или через Единый портал государственных услуг (www.gosuslugi.ru).slu) или через Единый портал государственных услуг (www.gosuslugi.ru).gi.ru) или через Единый портал государственных услуг (www.gosuslugi.ru).).

Для получения логина и пароля к сервису «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц» налогоплательщику необходимо лично обратиться в любую ИФНС России независимо от места постановки на учет с документом, удостоверяющим личность, и свидетельством о постановке на учет физического лица (ИНН). С помощью данного сервиса Вы сможете контролировать свое состояние расчетов с бюджетом, а также оплачивать имущественные платежи.

Физические лица – собственники объектов имущества, в отношении которых ни разу не исчислялся и не уплачивался налог (если это не связано с предоставлением налоговых льгот), обязаны до 31 декабря уведомить налоговый орган по месту учета о каждом таком объекте, направив Сообщение по форме, утвержденной приказом ФНС России от 26.11.2014 № ММВ-7-11/598@.

МРИ ФНС России № 10 по РД призывает граждан проявить гражданскую сознательность уплатить имущественные налоги в срок и в полном объеме, посколькупоступление от уплаты указанных налогов формируют бюджет нашего района, республики и страны в целом и являются основой социального и экономического развития страны , а именно содержание школ, детских садов, больниц, дорог, благоустройство парков, детских площадок и т.п.

Выражаем искреннюю надежду, что обязанность своевременно платить налоги станет нашей цивилизованной привычкой.

# Внимание объявление!!!

В 2020 году Правительством РФ запланировано проведение Всероссийской переписи населения. Ключевым этапом подготовки к предстоящей переписи является проведение Пробной переписи населения в октябре 2018 года.

Она впервые будет проводиться в два этапа, и впервые для сбора данных о населении будут широко применятся передовые IT– решения.

С 1 по 10 октября 2018 года пройдет первый этап – интернет-перепись. В ней могут принять участие не только население, проживающее в районах проведения пробной переписи, но и жители других регионов РФ с подтверждёнными учетными записями на портале Госуслуг, где они смогут заполнить онлайн специальные формы и передать сведения о себе, не выходя из дома в любое удобное время.

# Владимир Васильев встретился с победителями кадровых конкурсов

22 сентября, в Доме дружбы состоялась встреча Главы Дагестана Владимира Васильева с представителями резерва управленческих кадров республики и победителями конкурса «Мой Дагестан».

В мероприятии также приняли участие врио Председателя Правительства РД Артём Здунов, Первый заместитель Руководителя Администрации Главы и Правительства РД Валерий Горнак, начальник Управления Администрации Главы и Правительства РД по вопросам государственной службы, кадров и государственным наградам Артур Исрапилов, руководители органов исполнительной власти и другие.

Открывая встречу, Глава Дагестана отметил, что общение с резервистами в подобном формате будет проходить регулярно. По словам Владимира Васильева, это позволит наладить обратную связь, понимать, как идет процесс работы у новых управленцев.

«Работа с резервом будет постоянно находиться в фокусе моего внимания и станет одним из приоритетов в нашей деятельности. Вне всякого сомнения, сегодня Дагестану нужны современные управленцы. Прошедшие конкурсы резервистов продемонстрировали, что республика имеет очень большой кадровый потенциал. В этом конкурсе были представлены кандидаты из 85 регионов страны, был и ряд представителей из зарубежных государств. Хотелось бы, чтобы те резервы, которые мы сами наработали, удалось применить в полной мере. Это зависит как от самих конкурсантов, так и от руководителей ведомств. На сегодняшний день должности уже получил 31 победитель кадрового резерва из 54, трое победителей были направлены на Восточный экономический форум во Владивосток. С победителями конкурсов также будет проводиться работа по развитию профессиональных компетенций и повышению квалификаций на базе образовательных центров как республики, так и России», - подчеркнул руководитель республики.

Начальник Управления Администрации Главы и Правительства РД по вопросам государственной службы, кадров и государственным наградам Артур Исрапилов в своем выступлении констатировал, что из более 6 тысяч допущенных к участию претендентов победителями стали 54 человека.

«Система отбора в обоих случаях была жесткой, объективной, прозрачной и, судя по количеству победителей, непростой. Двум участникам конкурса, Арсену Рустамову и Бадруттину Магомедову, удалось стать победителями в обоих конкурсах, и результат не заставил себя ждать. Арсен Рустамов назначен заместителем начальника Организационно-проектного управления Администрации Главы и Правительства Республики Дагестан, а Бадруттин Магомедов – 1-м заместителем министра информатизации, связи и массовых коммуникаций РД. Кроме того, после первого конкурса резервистов Гаджи Гасанов назначен руководителем Агентства по предпринимательству и инвестициям, а Джафар Гаджибеков - председателем Комитета по госзакупкам республики», - подчеркнул Исрапилов.

В рамках встречи назначенные на различные должности управленцы поделились опытом решения задач в своих сферах.

Так, декан факультета специального образования ДГПУ Патимат Омарова, которая совсем недавно приняла участие в Восточном экономическом форуме, в своем выступлении напомнила, что ВЭФ – главная деловая и политическая национальная площадка.

«Сегодня в стране существует 3 форума – Санкт-Петербургский экономический форум, Восточный форум и форум в Сочи. В связи с этим было бы правильно организовать Южный экономический форум на самой Южной границе России – в Дагестане», - предложила Омарова.

Замначальника управления Министерства образования и науки РД Тагирбек Асланов признался, что не ожидал такого объема работы, который он увидел в Министерстве.

«Я увидел, что в Министерство поступает очень много информации, с которой нужно работать. В какой-то момент мне казалось, что я просто «потерялся» и не справлюсь, но меня поддержала руководитель ведомства - Уммупазиль Омарова, которая помогала и советовала. Многие острые углы я преодолел благодаря ее наставлениям», - рассказал Асланов.

Победитель конкурса «Мой Дагестан» Равзат Ибрагимова была назначена заместителем директора ГБОУ РД «Республиканский центр социально-трудовой адаптации и профориентации им. У.М. Муртузалиевой» в августе текущего года. По ее словам, в работе центра есть нарушения, и они совместно с руководителем центра и при поддержке министра постепенно решаются.

«Моя педагогическая карьера начиналась именно в этом учреждении и, спустя время, я сюда вернулась. Новая должность дает мне бесценный опыт и знания, которые будут необходимы в будущем», - сказала она.

В свою очередь руководители министерств и ведомств, которые взяли на работу к себе новых специалистов – победителей конкурса, выразили слова благодарности организаторам конкурса «Мой Дагестан» за качественный отбор, а также отметили высокий профессионализм его победителей в работе.

Врио Председателя Правительства РД Артем Здунов также добавил: самое ценное, что получает власть по результатам конкурсов резервистов – доверие народа.

«Когда мы начинали проведение первого конкурса, было недоверие к прозрачности процесса. Во втором конкурсе количество заявок было намного больше, что говорит о том, что люди верят. Также очень важно, чтобы победители конкурса передавали свой опыт другим специалистам. Мы должны работать единой командой и учиться друг у друга», - отметил Здунов.

Напомним, весной текущего года состоялся конкурс по формированию резерва управленческих кадров Республики Дагестан; в нём приняли участие более тысячи претендентов. Был сформирован кадровый резерв в составе 61 человека, 20 из них уже получили назначения на руководящие должности в органах государственной и муниципальной власти. Все кандидаты назначались с условием прохождения испытательного срока и теперь, доказав свою профессиональную пригодность, они избавляются от приставки «исполняющий обязанности».

Конкурс управленцев «Мой Дагестан» стартовал 12 июля. По итогам заключительного этапа были отобраны 54 победителя масштабного кадрового проекта. Трое из них были отмечены специальным призом Наблюдательного совета конкурса, получив приглашение к участию в Восточном экономическом форуме, который проходил во Владивостоке в период 11-13 сентября.

В начале этого же месяца Глава Дагестана Владимир Васильев провёл первые назначения и в торжественной обстановке вручил служебные удостоверения 13 победителям конкурса.

# Национальный музыкальный телевизионный конкурс «Во весь голос»

Федеральное агентство по делам национальностей объявляет о старте национального музыкального телевизионного конкурса «Во весь голос». Этот межнациональный проект для молодых исполнителей ФАДН России реализует совместно с Благотворительным фондом «Дети помогают детям», который возглавляет известный продюсер Лина Арифулина, и при поддержке телеканала РУ.ТВ. «В нашей стране, где живет 193 народа, очень много талантливой молодежи, которая поет не только на русском языке, но и своих родных языках. Важно не только сохранить эту яркую музыкальную палитру, но и познакомить с уникальным национальным творчеством как можно больше наших граждан. Язык музыки абсолютно универсален, поэтому уверен, что проект располагает очень мощной объединяющей идеей и потенциалом. Кроме того, мы работаем над ним с очень профессиональной командой, вдохновляемой Линой Арифулиной, реализовавшей много успешных музыкальных проектов. Отборочный тур стартовал, поэтому ждем участников!», - говорит руководитель ФАДН России Игорь Баринов.

Отборочный тур конкурса стартовал 25 августа в каждом регионе России. В нем могут принять участие талантливые исполнители в возрасте от 13 до 17 лет.

Чтобы стать участником, необходимо оставить на сайте проекта www.вовесьголос.РФ заявку-анкету и прикрепить к ней видеозапись своего выступления. Заявки принимаются до 25 октября.

Затем жюри - 10 известных музыкантов, продюсеров, деятелей отечественного шоу-бизнеса - выберут финалистов. Накануне Дня народного единства они приедут в Москву, чтобы встретиться с выдающимися артистами, певцами, общественными деятелями, побывать на мастер-классах лучших педагогов страны по вокалу и актерскому мастерству. И конечно же принять участие в финале телевизионного конкурса, который состоится 5 ноября в прямом эфире телеканала РУ.ТВ. Победитель проекта представит нашу страну на Международном музыкальном телевизионном конкурсе «Во весь голос на весь мир» осенью 2019 года.

Дозул доба кин бугеб?

# ГIизраилалда - лъикIабги квешабги



* Лъимал гъариялъул рахъалъ Европаялъулал улкаби нахъа тола ГIизраилалъ. Гьел руго Таджикистаналъул уровеналда, щибай чIужугIаданалде ккола 3 лъимер.

* Бищунго квеш ккараб жо буго улкаялда больницаби гIолел гьечIолъи. Щивав азарго чиясе ккола I койка. Гьелдаса квеш иш буго Мексикаялда. Регизе бакI гьечIолъиялъ хехго риччала гьенир унтарал, рес гьечIо щвалде щвараб сах гьариялъе, больницабазда буго бюрократия ва чисул ургъел гьечIолъи.

* Г1израилалда гIемераб заманаялъ очередалда чIезе ккола больницаялда регизе, жидецаго ралагьизе ккола дараби, гьереси дарабазул рахъалъги улка цебесеб бакIалда буго.

* Амма гьенир гIемер тIоритIула рекIел тестирование, захIматал рак унтиялъул операциял. Цебегоялдаса бергьенлъиялда сах гьарула щитовиднияб железоялъул рак, гIемераб заманаялъ тараб бугониги, сах гьарула руччабазул органазул рак. Гьединго Иерусалималъул «Хадасса» медицинаялъул централда рарщизегIан хадуб халги ккун, хадур цIорозарун цIунула гIисинал ясазул яйцеклеткаби. Гьедин гьабула ракалъ унтун ругони.

* Гьениб баккун буго операция гьабичIого опухолал лъугIизарулеб технология. Гьелъие къучI лъун буго криотерапиялдалъун, хвезарурал тканазе хIалтIизабула къуватаб цIорой. Криотерапия бигьаяб буго цогидаб хирургиялъулал къагIидабаздаса, гьелдаса хадуб раковиял клеткаби хутIиялъе ресал рукIунаро, гьеб унтараз бигьаго хIехьола ва черхалда гIужал хутIуларо.

* ГIизраилалъул рагъулал медиказ тIобитIана жидеего бокьаразда т1ад эксперимент. Гьез 800 солдатасда – къвакIарал васазда тIад хIалбихьи гьабуна сибиралъул язваялда данде вакцинациялъул. Гьез вакцина хIехьечIо, гIемерисел захIматго унтана. Гьезул лъугьана дерматитал, легочниял потологиял, эпилепсия, опухолял. Гьанже гьел солдатазе щолеб гьечIо кколеб медицинаялъул кумек, жидерго къварилъигун жалго тун руго гьел.

* ГIизраилалъул гIалимзабаз бахъун буго СПИДалде данде оборудование. Аппарат компьютералда чIвала ва унтун вугищ гьечIищ чиян гьелъ I минуталде жаваб кьола.

# ЦIалдохъабигун дандчIвана



25 сентябралда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана «Северный Кавказ в единой семье российских народов»,- абураб риидалил гIолилазул школалда гIахьаллъарал Шамилькъалаялъул гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабигун.

ДандчIваялда гIахьаллъана районалъул Собраниялъул пред. К. Асадулаев, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухIастановги.

Риидалил школа «Северный Кавказ в единой семье российских народов» унеб букIана Дагъистаналда. Гьеб тIобитIана РДялъул миллияб политикаялъул министерствалгун цадахъ «Нет алкоголизму и наркомании»,-абураб Россиялъул регионалиябгун благотворительнияб фондалъ.

ГIолилазул школалъул мурадлъун буго гьезулъ культурабазда гьоркьосеб коммуникативнияб гьоркьоблъи лъугьинаби, культурабазда гьоркьосел цоцазе кумек гьаби цебетIезаби. Гьеб мурадалда гьарулел хIалтIаби унел руго школалъул хасал программабазда рекъон.

Спорт

# Баркула бергьенлъи!



Великое Лукиялда букIана Россиялъул бергьенлъиялъе гIоло ММАялъул гIолел лъималазул (I6-I7 с.) къецал. Гьенир гIахьаллъана 110 спортсмен. Чемпионаталда гIахьаллъана нилъер ракьцояв Ражбадинов АхIмад Сиражудиновичги. Гьев ккола нилъер районалъул Майданское росулъа (I6 сон). АхIмад Сиражудинович къецазда бергьана ва тIоцебесеб бакI ккуна.

РакI-ракIалъ баркула АхIмад Ражбадиновасда бергьенлъи, гьарула хадурккунги тIадегIанал хIасилал!

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 26. 9. 18 г. 16.30
фактически -16. 45 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.